

Pwogram konpòtman ki bon pou lasante yo gen rekonsans ladan yo

Bòn sante enpòtan pou ou ak pou fanmi ou. Pwogram konpòtman ki bon pou lasante Prestige Health Choice yo kapab ede ou amelyore sante ou ak jwenn rekonsans anmenmtan. Pou chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante ou fini, w ap resevwa yon kat kado pa lapòs. Chak pwogram gen yon limit \$50 pou rekonsans la. Si ou kalifye, pa gen limit sou kantite pwogram ou kapab patisipe ladan yo.

Gen plizyè diferan pwogram konpòtman ki bon pou lasante:

- Swen pou dan.
- Matènite.
- Apre akouchman.
- Vizit timoun ki an sante (ant 31 jou ak 15 mwa daj).
- Vizit timoun ki an sante (ant 3 ak 6 zan daj).
- Vizit adolesan ki an sante (ant 12 ak 21 zan daj).
- Depistaj plon.
- Tès dyabèt.
- Egzamen je pou moun ki fè dyabèt.
- Swivi sou sante konpòtman.
- Depistaj kansè tete.
- Depistaj kansè matris.
- Pèt pwa.
- Sispann fimen.
- Gerizon apre konsomasyon alkòl ak dwòg.

Ou pral travay avèk pwofesyonèl swen sante w lan pou patisipe nan pwogram yo. Pwofesyonèl swen sante w lan ap sèvi ak fomilè achèyman konpòtman ki bon pou lasante an (Healthy Behaviors Completion Form) oswa fomilè angajman an (Commitment Form) pou di ou fini pwogram yo. Ou kapab jwenn fomilè yo sou www.prestigehealthchoice.com.

Kontakte nou pou jwenn plis enfòmasyon. Tanpri rele Sèvis manm yo (Member Services) gratis nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**) si ou ta renmen resevwa plis enfòmasyon sou pwogram konpòtman ki bon pou lasante yo.

Aplikasyon mobil Prestige la



Telechaje aplikasyon mobil nou an jodi a! Aplikasyon mobil Prestige la ap ede w rete ajou sou enfòmasyon sou swen sante ou yo. Èske ou janm:

- Rive kay doktè a san kat idantite ou?
- Te gen pou chwazi yon lòt doktè oswa espesyalis?
- Pèdi sou wout yon randevou?
- Te gen kesyon sou avantaj ou yo?
- Te vle rele Prestige, men ou pa t kapab jwenn nimewo telefòn nou?

Aplikasyon mobil Prestige la kapab ede ou! Aplikasyon mobil la disponib pou telefòn entelijan iPhone ak Android yo sou non aplikasyon PHC Mobile. Pou jwenn aplikasyon mobil la, al sou Google™ Play Store oswa Apple® App Store. Aplikasyon mobil Prestige la disponib gratis!*

Si ou gen kesyon, tanpri rele Sèvis manm yo nan **1-855-355-9800** (TTY/TDD **1-855-358-5856**).

*Gen konpayi ki gendwa mande w peye yon pri estanda pou mesaj ak done Entènèt yo.



Eskane kòd Apple oswa Android la pou telechaje aplikasyon an.




Depistaj pwoblèm je kay timoun

Egzamen je se yon pati enpòtan nan vizit yon timoun kay pedyat (doktè timoun). Pedyat yo konnen ki jan pou yo egzamine je yon timoun kòm sadwa. Pafwa sa rive yo pa dyagnostike pwoblèm je yo. Pifò timoun p ap konnen je yo pa mache byen, donk paran yo, pwofesè yo, ak moun k ap okipe yo gen dwa premye moun ki remake sa.

Siveye etap devlopman yo: Paran yo dwe siveye etap ki gen pou wè avèk je pitit yo e rapòte tout sa ki pa nòmal bay pedyat yo. Men etap ki pi enpòtan yo:

- **Ant nesans ak yon mwa:** Yon tibebe ki fèk fèt dwe kapab rekonèt bagay ki nan yon distans 8 a 12 pous, epi distenge koulè ki gen anpil kontras ant yo.
- **Ant 3 ak 4 mwa:** Tibebe yo dwe kapab kenbe je yo sou bagay ki p ap bouje, epi swiv bagay avèk je yo.
- **Ant 5 ak 8 mwa:** Tibebe yo dwe kòmanse devlope pèsepsyon pwofondè ak kowòdinasyon ant je yo ak kò yo, wè bagay nan twa dimansyon, e kòmanse kenbe bagay.
- **Ant 9 ak 12 mwa:** Tibebe yo dwe kapab jije distans e voye bagay avèk presizyon.
- **Ant 1 ak 2 zan:** Tibebe yo dwe deja devlope yon nivo kowòdinasyon ant men yo ak je yo ki pèmèt yo jwe jwèt tankou ligo-kache, ak jwe avèk zouti pou frape.



Fè egzamen je regilyèman:

Asosyasyon Optometrik Ameriken an (American Optometric Association) ak Akademi Ameriken Oftalmoloji an (American Academy of Ophthalmology) rekòmande pou yon timoun fè premye egzamen je li ant 6 a 12 mwa. Si doktè a pa detekte ankenn pwoblèm, timoun nan dwe fè yon lòt egzamen a 3 zan, ak yon lòt ankò anvan li kòmanse lekòl.

Pwoteje je ou: Pwoteksyon kont limyè iltravyolè (UV) enpòtan depi premye jou a. Jèn timoun yo abityèlman gen pi gwo nwaje ki kite plis reyon UV antre, sa ki kapab donmaje je yo. Linèt solèy ki tache pa anlè epi ki pwoteje kont

UV disponib pou timoun ki poko pare pou linèt solèy nòmal.

Fè prevansyon: Montre timoun yo pran bon abitud pou je yo depi byen bonè, tankou paregzanp règ 20-20 an lè y ap pase tan devan yon ekran. Pou chak 20 minit ou pase devan televizyon, òdinatè, oswa tablèt, pran yon pòz 20 segonn pou kite je ou rilaks.

Travay avèk lekòl pitit ou a: Timoun yo souvan pote lakay yo rezilta yon egzamen je ki fèt nan lekòl la. Chèche konnen dat tèz yo epi mande pitit ou oswa enfimyè lekòl la rezilta yo. Epitou, pwofesè yo kapab ede ou remake pwoblèm je timoun yo.

Sous: Moira Burke, M.D., Direktè Medikal Premier Eye Care. Gen plis enfòmasyon ki disponib sou Premier nan www.premiereyecare.net.

Swen sante konpòtman ou

Nou vle pou patisipan nou yo toujou santi yo byen nèt. Prestige ap travay avèk yon òganizasyon jesyon swen sante konpòtman, Beacon Health Options (BHO), pou ofri ou sèvis sante konpòtman. Anvan sa BHO te rele Psychcare. Ou gen dwa wè toude non yo sou dokimantasyon sante konpòtman yo. Tanpri pran nòt pa gen chanjman nan avantaj ou yo ni nan rezo a, epi ou pa bezwen fè anyen.

Men sèvis swen sante konpòtman ou gen dwa bezwen pou tèt ou oswa pou fanmi ou:

- Terapi endividyèl, famiyal, oswa an gwoup.
- Evalyasyon endividyèl ak famiyal.
- Tretman pandan lajounen pou granmoun ak timoun.
- Evalyasyon.
- Planifikasyon tretman.
- Jesyon ka.
- Sèvis terapi pou konpòtman sou plas.

Doktè swen primè ou an (PCP) kapab ede ou jwenn tretman ou bezwen an. Ou dwe fè PCP ou an konnen si ou menm oswa yon moun nan fanmi ou gen yon pwoblèm sante konpòtman.

Si ou bezwen èd pou jwenn yon pwofesyonèl swen sante konpòtman, rele Sèvis manm Prestige yo gratis nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**). Sèvis manm yo kapab ede ou pran pwochen randevou w lan.

Ou kapab fè yon rechèch nan anyè pwofesyonèl swen sante nou an tou nan www.prestigehealthchoice.com.



Kòm manm Prestige, ou gen anpil dwa ak responsablite

Nan Prestige nou pran angajman trete manm nou yo avèk respè ak diyite. Prestige, ansanm avèk rezo doktè ak lòt founisè sèvis swen sante li yo, pa fè diskriminasyon kont manm yo ki baze sou ni ras, ni sèks, ni relijyon, ni orijin nasyonal, ni andikap, ni laj, ni oryantasyon seksyèl, ni ankenn lòt baz lalwa entèdi.

Pou lis konplè dwa ak responsablite patisipan yo, tanpri al sou www.prestigehealthchoice.com. Enfòmasyon sa yo disponib tou nan manyèl manm ou an. Si ou pa kapab al sou entènèt oswa ou pa gen manyèl manm nan, tanpri rele Sèvis manm yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**).

Etap ki genyen pou sèvi avèk avantaj famasi ou yo

Pwofesyonèl swen sante w lan pral ekri yon òdonans pou medikaman pou famasyon w lan egzèkite. Pwofesyonèl swen sante yo gen dwa gade lis medikaman ki rekòmande yo (preferred drug list, PDL) pou wè ki medikaman ki nan lis nou rekòmande a. Lis medikaman ki rekòmande yo disponib sou sit wèb nou an nan www.prestigehealthchoice.com. Ou kapab jwenn rapò rezime chanjman yo (Changes Summary Report), ki gen ladan dènye chanjman ki fèt nan PDL la, nan ahca.myflorida.com/Medicaid/Prescribed_Drug/pharm_thera/fmpdl.shtml.

Ou p ap peye anyen pou medikaman sou òdonans ki kouvri yo. Montre kat patisipan w lan lè w al chèche medikaman sou òdonans ou yo. Si ou gen kesyon, rele Sèvis manm nan famasi yo (Pharmacy Member Services) nan **1-855-371-3963**.

Ki sa yo rele otorizasyon preyalab (apwobasyon alavans)?

Pwofesyonèl swen sante w lan gen dwa mande apwobasyon pou yon medikaman ki pa sou lis medikaman ki rekòmande a oswa ki bezwen otorizasyon preyalab. Pwofesyonèl swen sante w lan ap gen pou li voye yon fòmilè demann otorizasyon preyalab bay Prestige. N ap egzamine fòmilè a epi fè ou menm ak pwofesyonèl swen sante w lan konnen si li apwouve.

Si Prestige pa apwouve medikaman an, w ap resevwa yon lèt k ap di ou poukisa. Lèt la ap di ou ki jan pou w soumèt yon apèl si ou vle fè sa.

Yon timoun ki resevwa swen bonè ap kenbe yon bèl ti souri

Men kèk konsèy rapid pou sante dan pitit ou:

- Sonje pou al kay yon dantis pou timoun lè premye dan an parèt, pa pi ta pase dat pitit ou a vin gen ennan.
- Dan tibebe yo enpòtan. Yo ede timoun yo pale klèman epi moulen manje natirèlman; epitou yo trase wout pou dan granmoun yo sòti byen lè yo pare pou sa.
- Pitit ou a dwe al kay dantis chak si mwa, sòf si dantis la vle wè pitit ou a pi souvan.
- Sèvi avèk yon bwòs dan mou ak pat dan ki gen fliyorid ladan. Ede pitit ou a bwose dan li de fwa pa jou pandan de minit chak fwa. Pitit ou a dwe pase fil dantè tou yon fwa pa jou.
- Pa bliye pwoteje dan pitit ou yo lè l ap fè espò.

Èske ou bezwen èd pou jwenn yon dantis?

Al sou www.prestigehealthchoice.com pou jwenn yon dantis ki nan rezo nou an. Ou gen dwa rele **1-855-371-3962**, tou, oswa Sèvis Pou Patrisipan yo nan **1-855-355-9800** pou plis enfòmasyon.



Poukisa rate yon dòz nan medikaman ou se pa yon bon lide.

Pifò moun rate medikaman yo omwen 25 pousan tan an. Sa vle di ou gen dwa ap pran medikaman ou pandan nèf mwa sèlman chak ane. Kisa ki t ap rive si ou te benyen oswa bwose dan ou pandan nèf mwa sèlman pa ane? Se menm bagay la pou medikaman pa ou yo. Èske ou sonje pran yo chak jou? Èske ou sèten?

Mwen santi m byen, poukisa mwe dwe pran medikaman mwen yo?

Gen anpil maladi ki pa parèt poutèt ou pa kapab santi ki jan y ap malmennen kò ou. Si tansyon ou oswa kolestewòl ou wo, ou gen dwa santi ou byen. Men maladi sa yo ap malmennen anndan kò ou epi ogmante danje pou ou fè kriz kè, konjesyon serebral, epi pou w vin avèg. Kèk semèn apre ou fin kòmanse pran yon medikaman ou gen dwa kòmanse santi ou pi byen, sa ki fè ou vle sispann pran medikaman w lan. Sepandan, pifò moun ki sispann pran medikaman yo twò bonè vin malad ankò.

Kijan mwen kapab sonje pran medikaman mwen yo?

- Pran medikaman ou yo ansanm avèk yon lòt bagay ou fè chak jou, tankou paregzanp pran yon tas kafe oswa bwose dan ou.
- Sèvi avèk yon ti bwat pou mete konprime ou yo. Si ou pran medikaman ou yo nan maten ak nan aswè, sèvi avèk de bwat.
- Mete yon alam sou telefòn ou pou li sonnen chak maten. Si ou gen yon telefòn entelijan, chèche “rapèl medikaman (medicine reminder)” epi w ap jwenn anpil aplikasyon ou kapab eseye ki pa koute anyen.
- Sèvi avèk yon ti almanak pou make jou ak lè ou dwe pran medikaman ou yo.
- Si famasi w lan ofri renouvèlman otomatik, mande yo aktive li pou ou, pou ou pa bezwen sonje rele pou renouvèlman w lan chak mwa.

PCP w lan kapab ede ou, men se ou sèlman ki kapab okipe sante ou. Sonje pran medikaman ou yo chak jou se yon gwo premye pa nan direksyon pi bon sante.

Ou ansent? Mete tibebe w lan sou bon chimen.

Voye yon tèks ki di **MAMA** bay **85886** pou enskri nan pwogram Keys to Your Care la (Kle Swen Ou yo). Enskri jodi a! N ap voye mesaj tèks itil ba ou pandan gwoès ou a, epi pandan 15 premye mwa yo apre nesans tibebe w lan.

Ou pa gen posibilite voye tèks? Rele Bright Start® nan **1-855-371-8076** pou enskri nan Keys to Your Care.



HEALTH CHOICE®

Leading the Way to Quality Care

11631 Kew Gardens Ave.
Ste. 200
Palm Beach Gardens, FL 33410

Health and wellness or prevention information

Información de salud y bienestar o preventiva

Enfòmasyon prevansyon ak enfòmasyon konsènan sante ak byennèt



Ou bezwen enfòmasyon nan lòt lang?

Nan Prestige nou pran angajman sèvi tout manm nou yo. Si ou bezwen enfòmasyon medikal oswa enfòmasyon sou sèvis ou yo ak avantaj ou yo nan yon lang ki pa angle, tanpri rele Sèvis manm yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**). Nou kapab ede ou. Nou gen entèprèt pou nenpòt ki lang ou gen dwa bezwen. Ou gen dwa mande enfòmasyon ekri nou yo nan lòt lang tou. Ou kapab rele epi mande pou yo tradwi enfòmasyon yo nan lang ou li an.

Èske ou te konn sa?

Nouvèl sou sante pou manm Prestige yo disponib tou sou sit wèb nou an. Al sou **www.prestigehealthchoice.com** pou jwenn Nouvèl sou sante pou manm nou yo, Nimewo 2, nan lang angle, panyòl, ak kreyòl.

This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800** or TTY/TDD **1-855-358-5856**, 24 hours a day, 7 days a week.

Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Comuníquese con nuestro número de servicio al cliente al **1-855-355-9800** o TTY/TDD **1-855-358-5856**, las 24 horas del día, los 7 días de la semana.

Enfòmasyon sa a disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele sèvis kliyan nou an nan nimewo **1-855-355-9800** oswa **1-855-358-5856** pou moun ki pa tande byen, 24 sou 24, 7 sou 7.